



Pou Piblikasyon Imedya: 27/02/2026

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL MANDE POU MONIMAN ISTORIK ETA YO LIMEN AN BLE,  
BLAN AK WOUJ POU SELEBRE JOUNEN ENDEPANDANS DOMINIKEN AN**

***Yo pral limen kenz moniman eta nan tout eta a nan dat 27 fevriye a***

Gouvènè Kathy Hochul te bay lòd jodi a pou yo limen moniman eta yo an ble, blan ak wouj an onore Jouen Endepandans Dominiken an. Gouvènè a fyè pou selebre atizay, istwa ak kilti dominiken nan Eta Nouyòk, epi li defann milyon Ameriken dorijin Dominiken ki rele Nouyòk lakay yo.

"Antanke Gouvènè, mwen onore pou reprezante dyaspora dominiken an — pi gwo kominote imigran nan vil Nouyòk epi kote yon milyon ameriken dorijin dominiken ap viv atravè eta nou an", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Kominote Dominikèn nan gen yon gwo enpak kiltirèl, ekonomik ak sosyal sou twal Nouyòk la, epi nou fyè pou nou selebre istwa yo, fòs yo ak rezistans yo nan jounen endepandans sa a. Mwen angaje m pou m ankouraje Nouyòkè Dominiken yo epi pou m anlplifye atizay ak kilti Dominiken e pou jenerasyon k ap vini yo."

Gouvènè a te fè premye vizit ofisyèl li nan Repiblik Dominikèn nan mwa novanm 2025, kote li te rankontre ak yon delegasyon lidè distenge pou diskite sou priyorite komen Eta Nouyòk ak Repiblik Dominikèn. Diskisyon sa yo te kouvri priyorite tankou rezistans klimatik, devlopman enfrastrikti, ak repons ak edikasyon nan katastwòf, avèk entansyon pou ankouraje yon relasyon kolaborasyon ki benefisye Dominiken yo ak Nouyòkè Dominiken yo epi ranfòse tou de ekonomi yo.

Yo pral limen 15 moniman sa yo an ble, blan ak wouj pou onore Jounen Endepandans Dominiken an:

- One World Trade Center
- Pon Gouvènè Mario M. Cuomo (Governor Mario M. Cuomo Bridge)
- Pon Kosciuszko (Kosciuszko Bridge)
- Batiman SUNY H. Carl McCall lan
- Batiman Edikasyon Eta a (State Education Building)
- Batiman Alfred E. Smith State Office (Alfred E. Smith State Office Building) la
- Empire State Plaza
- Pak Ekspozisyon Eta - Pòtay Prensipal ak Sant Ekspozisyon
- Pon "Franklin D. Roosevelt" nan Mid-Hudson

- Tèminal Grand Central (Grand Central Terminal) la - Vyadik Pershing Square (Pershing Square Viaduct) la
- Pòtay Entènasyonal Ayewopò Albany (Albany International Airport Gateway)
- MTA LIRR - Pòtay East End nan Penn Station
- Pon Flotan nan Fairport (Fairport Lift Bridge) sou Kanal Erie a
- Sal Tren Moynihan (Moynihan Train Hall)
- Fa Roosevelt Island

###

Lòt nouwèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)